## V. XÍZMETLER

Ekonomikanıń tiykarǵı tarawlarınan biri bolǵan xızmetler tarawınıń áhmiyeti júdá úlken. Islep shıǵarıw processleriniń quramalasıp atırǵanlıǵı, bazardı kúnlik hám individual talaplarǵa tán tutınıw tovarları menen toltırıw, innovacion rawajlanıwdıń jedel ósiwi jámiyet turmıs dárejesiniń jaqsılanıwına alıp keledi. Bular finans, transport, qamsızlandırıw hám basqa túrlerdegi xızmetlersiz ámelge aspaydı.

Xızmetler tarawında 16,9 mıńnan aslam kárxanalar hám shólkemler jumıs islep atır, bul kórsetkish ótken jıldıń sol dáwirine salıstırǵanda 113,4 % ti quradı. Jańa kárxana hám shólkemlerdi ashıw, sonday-aq, háreket etip turǵan kárxana hám shólkemler tárepinen innovacion texnologiyalardan paydalanıw hám kórsetilip atırǵan xızmetler túrlerin keńeytiw keleshekte jańa jumıs orınların kóbeytiw hám xalıqtıń turmıs dárejesin jaqsılawǵa imkan beredi.

**Xızmetler tarawında háreket etip turǵan kárxanalar**
**hám shólkemler sanı,** *birlikte*
*(fermer hám diyqan xojalıqlarınan tısqarı) 2024-jıl 1-aprel jaǵdayına*



***Sawda-7 493***



***Basqa túrdegi xızmetler- 6 176***



***Jasaw hám awqatlanıw xızmetleri-1 342***



***Tasıw hám saqlaw-972***



***Den-sawlıqtı saqlaw- 489***



***Baylanıs hám málimleme xızmeti- 492***

**2024-jıl 1-aprel jaǵdayına kárxana hám shólkemlerdiń ulıwma sanında xızmetler tarawında háreket etip turǵan kárxanalardıń úlesi,** *% te*
*(fermer hám diyqan xojalıqlarınan tısqarı)*




2024-jıl 1-aprel jaǵdayına xızmetler tarawında háreket etip turǵan kárxana hám shólkemler quramında eń joqarı úlesin sawda xızmeti menen shuǵıllanıwshı kárxana hám shólkemler 44,2 % quraydı.

Jasaw hám awqatlanıw tarawında háreket etip turǵan kárxana hám shólkemlerdiń úlesi 7,9 % ti quradı.

Xızmetler tarawında háreket etip turǵan kárxana hám shólkemlerdiń ulıwma sanında tasıw hám saqlaw túri menen shuǵıllanıp atırǵan kárxana hám shólkemlerdiń úlesi 5,7 % ke jetti.

Den sawlıqtı saqlaw tarawında háreket etip atırǵan hám sociallıq xızmetler kórsetiwshi kárxanalar hám shólkemlerdiń úlesi 2,9 % ti quradı.

Baylanıs hám málimleme xızmeti menen shuǵıllanıwshı kárxanalar hám shólkemler úlesi 2,9 % ke teń boldı.

2024-jıl yanvar-mart aylarında bazar xızmetlerin islep shıǵarıwdıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha kólemi 3567,2 mlrd. somdı qurap, 2023-jıldıń yanvar-mart aylarına salıstırǵanda ósim páti 111,5 procentti quradı.

Jámi xızmetler quramında eń úlken úles transport 25,8 %, finanslıq 23,8 %, sawda xızmetler 20,3 %, baylanıs hám málimleme xızmeti 5,4 % hám basqa xızmetler 24,7 % ke tuwrı keldi.

**2024-jıl yanvar-mart aylarında kórsetilgen xızmetler quramı, % te**



**Yanvar-mart aylarında bazar xızmetlerin islep shıǵarıwdıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha quramı**

| | hárekettegi kárxanalar sanı | mlrd. som | | ósim páti, % | úlesi, % |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 2024-j. | 2023-j. | | |
| **Jámi xızmetler** | **8 069** | **3567,2** | **2815,5** | **111,5** | **100,0** |
| *sonnan: xızmet túrleri boyınsha:* | | | | | |
| baylanıs hám málimleme xızmeti | 148 | 192,8 | 162,3 | 115,4 | 5,4 |
| finanslıq xızmetler | 81 | 850,7 | 650,1 | 121,7 | 23,8 |
| transport xızmeti | 721 | 919,9 | 699,6 | 101,1 | 25,8 |
| *sonnan:* avtotransport xızmetleri | 559 | 493,0 | 350,6 | 112,9 | 13,8 |
| jasaw hám awqatlanıw xızmetleri | 738 | 97,2 | 73,6 | 107,5 | 2,7 |
| sawda xızmetleri | 4 494 | 724,3 | 606,3 | 110,8 | 20,3 |
| kóshpes múlk penen baylanıslı bolǵan xızmetler | 236 | 73,1 | 62,6 | 112,1 | 2,1 |

*dawamı*

| | hárekettegi kárxanalar sanı | mlrd. som | | ósim páti, % | úlesi, % |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 2024-j. | 2023-j. | | |
| bilimlendiriw tarawındağı xızmetler | 224 | 183,5 | 135,5 | 122,7 | 5,1 |
| densawlıqtı saqlaw tarawındağı xızmetler | 273 | 44,5 | 36,4 | 120,6 | 1,3 |
| ijara xızmetleri | 54 | 67,5 | 55,8 | 110,5 | 1,9 |
| kompyuterlerdi hám turmıslıq tovarlardı ońlaw xızmetleri | 99 | 108,3 | 83,9 | 108,7 | 3,0 |
| basqa jeke xızmetler | 104 | 142,5 | 112,4 | 107,2 | 4,0 |
| arxitektura, injenerlik izleniwler, texnikalıq sınawlar hám analiz tarawındağı xızmetler | 115 | 46,8 | 42,3 | 101,1 | 1,3 |
| basqa túrdegi xızmetler | 782 | 116,1 | 94,7 | 110,7 | 3,3 |

Xızmetler quramında eń úlken úles transport (jámi xızmetlerdiń 25,8 procenti) hám finanslıq (23,8 procenti) xızmetlerine tuwrı keldi.

Sonday-aq, bilimlendiriw tarawındağı xızmetler (122,7 procent), finanslıq xızmetler (121,7 procent) hám densawlıqtı saqlaw tarawındağı xızmetler (120,6 procent) ósim páti joqarı boldı.

**Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha quramı**

*(2024-jıl yanvar– mart aylarında jámine salıstırǵanda % te)*

- Transport xızmeti 25,8 %
- Sawda xızmetleri 20,3 %
- Finanslıq xızmetler 23,8 %
- Bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetler 5,1 %
- Baylanıs hám málimleme xızmeti 5,4 %
- Basqa jeke xızmetler 4,0 %
- Kompyuterlerdi hám turmıslıq tovarlardı ońlaw 3,0 %
- Basqa túrdegi xızmetler 3,3 %
- Kóshpes múlk penen baylanıslı xızmetler 2,1 %
- Jasaw hám awqatlanıw xızmetleri 2,7 %
- Ijara xızmetleri 1,9 %
- Arxitektura, injenerlik izleniwler 1,3 %

Bazar xızmetleriniń ulıwma kólemindegi sawda xızmetleri 20,3 % úlesti quraydı. Sawda ápiwayı bólistiriw mexanizminen tutınıwshıǵa baǵdarlanǵan bazar talapların qáliplestiriw processleriniń aktiv qatnasıwshısına aylandı. Házirgi waqıtta, sawda xızmetleri ekonomikada kórsetilgen jámi xızmetler kóleminiń sezilerli bólimi bolıp esaplanadı.

**2024-jıl yanvar-mart aylarında sawda xızmetleri quramı, % te**



**2024-jıldıń yanvar-mart aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha xızmetler islep shıǵarıw kólemi, mlrd. som**

**Transport xızmetleri**
**919,9 mlrd. som**





**Finanslıq xızmetler**
**850,7 mlrd. som**

**Sawda xızmetleri**
**724,3 mlrd. som**





**Basqa xızmetler**
**274,9 mlrd. som**

**Bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetler**
**183,5 mlrd. som**





**Málimleme hám baylanıs xızmetleri**
**192,8 mlrd. som**

**Basqa jeke xızmetler**
**142,5 mlrd. som**





**Kompyuterlerdi tovarlardı ońlaw xızmetleri**
**108,3 mlrd. som**

**Jasaw hám awqatlanıw xızmetler**
**97,2 mlrd. som**





**Kóshpes múlk penen baylanıslı bolǵan**
**73,1 mlrd. som**

Usı jıldıń yanvar-mart ayları dawamında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha kórsetilgen xızmetler ulıwma kólemde transport xızmetleri eń joqarı úlesti iyelegen bolıp, 9 19,9 mlrd. somdı quraǵan, 2023-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti 101,1 % ti quraǵan (2023-jılda 699,6mlrd. som), sonday-aq kórsetilgen xızmetler kóleminde finanslıq xızmetler 850,7 mlrd. som (2023-jılda 650,1 mlrd. som), sawda xızmetleri 724,3 mlrd. som (2023-jılda 606,3 mlrd. som) hám bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetlerde 183,5 mlrd. som (2023-jılda 135,5 mlrd. som) esesine tuwrı keldi.

**Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha islep shıǵarılǵan bazar xızmetleriniń ósim pátleri, %**
*(2024-jıl yanvar-mart ayları ushın)*




Sonıń menen birge, eń joqarı ósim pátleri bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetler (22,7 %), finanslıq xızmetler (21,7 %) hám densawlıqtı saqlaw tarawındaǵı xızmetlerde (20,6 %) baqlandı.

Respublikamızda kredit siyasatı boyınsha alıp barılıp atırǵan reformalardıń dawam ettiriliwi finanslıq xızmetlerdiń ósiwine imkaniyat jarattı. 2024-jıldıń yanvar-mart aylarında finanslıq xızmetleriniń ósim páti 21,7 % ke ósti.

Zamanǵa say bank xızmetlerin kórsetiw, sonnan "sanlı" bankler hám usaqlap satıw xızmetlerin kórsetiwge qáliplestirilgen bank bólimlerin ashıw ushın innovacion bank texnologiyaların ámeliyatqa endiriw, aralıqtan turıp bank xızmetlerin kórsetiw, tólem sistemasın jánede rawajlandırıw finanslıq xızmetlerdiń tez pátler menen rawajlanıwına járdem beredi.

2024-jıl yanvar-mart aylarında finanslıq xızmetler kólemi 850,7 mlrd. somǵa teń bolıp, 2023-jılǵa yanvar-mart aylarına salıstırǵanda ósim páti 121,7 % ti quradı.

**2024-jıl yanvar-mart aylarında finanslıq xızmetlerdiń quramı, % te**



**2024-jıl yanvar-mart aylarında qala hám rayonlar boyınsha xızmetler islep shıǵarıw**

| | *Kólemi mlrd. som* | *Ósim páti, % te* | *Xalıqtıń jan basına mıń somda* | *Ósim páti, % te* |
|---|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **3567,2** | **111,5** | **1778,5** | **110,0** |
| Nókis q. | 1 448,7 | 111,9 | 4 262,1 | 110,3 |
| *rayonlar:* | | | | |
| Ámiwdárya | 203,5 | 112,8 | 957,7 | 111,0 |
| Beruniy | 195,1 | 113,5 | 949,6 | 111,3 |
| Bozataw | 24,3 | 138,4 | 1 111,2 | 138,4 |
| Qanlıkól | 55,1 | 119,2 | 1 022,4 | 117,6 |
| Qaraózek | 63,9 | 118,0 | 1 173,9 | 117,4 |
| Kegeyli | 74,4 | 119,4 | 993,1 | 118,5 |
| Qońırat | 481,9 | 102,3 | 3 540,6 | 101,3 |
| Moynaq | 45,6 | 119,2 | 1 356,8 | 118,8 |
| Nókis | 80,7 | 117,3 | 1 494,6 | 115,2 |
| Taqıyatas | 88,3 | 110,3 | 1 149,1 | 109,6 |
| Taxtakópir | 55,5 | 118,2 | 1 427,3 | 118,2 |
| Tórtkúl | 268,9 | 110,1 | 1 173,3 | 108,2 |
| Xojeli | 157,8 | 110,5 | 1 224,5 | 109,2 |
| Shımbay | 114,8 | 115,1 | 991,6 | 114,4 |
| Shomanay | 51,8 | 119,2 | 891,2 | 118,4 |
| Ellikqala | 156,9 | 113,0 | 915,7 | 110,9 |

Qala hám rayonlar kesiminde xızmetlerdiń eń joqarı ósim páti Bozataw rayonına (138,4 %) tuwra keldi.

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha kórsetilgen xızmetlerdiń úlesin Nókis qalasına (40,6 procent), Qońırat rayonına (13,5 procent), Tórtkúl rayonına (7,5 procent) hám Ámiwdárya (5,7procent) rayonlarına tuwra keledi.

Eń tómen ósim pátleri Qońırat rayonında (102,3 %) hám Tórtkúl rayonında (110,1 %) baqlandı.

2024- jıldıń yanvar-mart aylarında xalıqtıń jan basına kórsetilgen bazar xızmetleri kólemi 1778,5 mıń. somdı quradı. Ósim páti ótken jılǵa salıstırǵanda 110,0 % ti quradı.

Usı kórsetkish aymaqlar arasında Nókis qalasında 4262,1 mıń. somnan tuwra kelse, al Shomanay rayonında 891,2 mıń. somǵa shekemgi aralıqtı quraydı.

**Aymaqlar boyınsha xalıqtıń jan basına kórsetilgen bazar xızmetleriniń kólemi hám ósim páti**
*(2024-jıl yanvar-mart ayları ushın)*




Xalıqtıń jan basına kórsetilgen xızmetler boyınsha eń joqarı kórsetkish Nókis qalasında 4262,1 mıń. somǵa teń bolıp, ósim páti ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 110,3 % ti quradı.

Bunnan tısqarı, xalıqtıń jan basına kórsetilgen xızmetler kóleminiń sezilerli ósiwi Bozataw (138,4 %), Moynaq (118,8 %), Kegeyli (118,5 %) hám Shomanay (118,4 %) rayonlarında baqlandı.

Xalıqtıń jan basına kórsetilgen xızmetlerdiń eń pás kórsetkishi Shomanay (891,2 mıń.som) hám Ellikqala (9 15,7 mıń.som) rayonlarında baqlandı.

**2024-jıl yanvar-mart aylarında qala hám rayonlar boyınsha sawda xızmetler kólemi**



| | |
|---|---|
| Nókis q. | 197,3 mlrd. som |
| Tórtkúl | 82,3 mlrd. som |
| Qońırat | 69,6 mlrd. som |
| Ámiwdárya | 60,6 mlrd. som |
| Beruniy | 53,3 mlrd. som |
| Ellikqala | 48,4 mlrd. som |
| Xojeli | 41,6 mlrd. som |
| Shımbay | 34,8 mlrd. som |
| Taqıyatas | 28,7 mlrd. som |
| Nókis | 21,3 mlrd. som |
| Kegeyli | 19,5 mlrd. som |
| Qaraózek | 15,2 mlrd. som |
| Shomanay | 14,7 mlrd. som |
| Taxtakópir | 12,6 mlrd. som |
| Qanlıkól | 11,0 mlrd. som |
| Moynaq | 8,5 mlrd. som |
| Bozataw | 4,6 mlrd. som |

Sawda xızmetleriniń kólemi boyınsha eń joqarǵı kórsetkish Nókis qalasında (197,3 mlrd. som), Tórtkúl (82,3 mlrd. som) hám Qońırat (69,6 mlrd. som) rayonlarında baqlandı.

Sawda xızmetleri boyınsha eń pás kórsetkish Bozataw (4,6 mlrd. som) rayonında gúzetildi.

2024 jıl yanvar-mart aylarında sawda xızmetleri kólemi 724,3 mlrd. somǵa teń boldı hám ótken jıldıń sol dáwirine salıstırǵanda ósiw páti 110,8 % ti quradı.

**2024-jıl yanvar-mart aylarında qala hám rayonlar boyınsha sawda xızmetleriniń ósim páti, % te**




2023-jılǵa salıstırǵanda sawda xızmetlerinde eń joqarı ósim pátleri Qońırat (124,4 %), Taqıyatas rayonlarında (112,7 %) hám Nókis qalasında (114,8 %) baqlandı.

Eń kem ósim páti Taxtakópir rayonında (104,2 %) baqlandı.

**2024-jıl yanvar-mart aylarında qala hám rayonlar boyınsha sawda xızmetleri úlesi,** *% te*



Sawda xızmetleri kóleminde eń joqarı úlesti qala hám rayonlar arasında Nókis qalası (27,2 %) hám Tórtkúl (11,4 %) rayonları iyeleydi.

Qala hám rayonlar arasında eń kem úles Bozataw (0,6 %), Moynaq (1,2 %) hám Qanlıkól (1,5 %) rayonlarına tuwra keledi.

2024 jıldıń yanvar-mart aylarında transport xızmetleri kólemi 919,9 mlrd. somǵa teń boldı. Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti 101,1 % ti quradı.

**2024-jıl yanvar-mart aylarında qala hám rayonlar boyınsha transport xızmetleriniń ósim páti hám kólemi**




Transport xızmetleri kólemi boyınsha eń joqarı kórsetkish Qońırat rayonında (317,2 mlrd. som) hám Nókis qalasında (303,4 mlrd. som) gúzetildi.

Transport xızmetleri kólemi boyınsha eń pás kórsetkish Bozataw rayonında (3,8 mlrd. som) gúzetildi.